

Zouti pou sejou lopital ou an: Kijan pou demare yon apèl videyo ak zanmi epi fanmi ou


Itilize yon iPad Mass General Brigham pou konekte avèk vizitè yo, tankou fanmi ak zanmi ou yo vityèlman. iPad la ap pèmèt ou kòmanse yon rankont vityèl kounya oswa pwograme youn alavni. Ou ka mande yon manm nan ekip swen ou an pwograme yon vizit pou ou tou.

Chak vizitè resevwa yon imèl epi yo ka chwazi opsyon pou yo resevwa yon mesaj tèks avèk enstriksyon sou kòman pou itilize yon telefòn entèlijan, tablèt, oswa òdinatè pou konekte. Vizitè a ap bezwen pou Zoom enstale sou aparèy li a, men li pa bezwen yon kont Zoom.

Demare yon rankont vityèl

Swiv etap sa yo pou envite yon vizitè (oswa plizyè) pou patisipe nan yon rankont vityèl ki pa pwograme.




1. Nan iPad la, tape sou bouton **Call Now** lan.
2. Rantre non vizitè a avèk swa imèl li, swa telefòn selilè li, (gade seksyon selilè a anba a) oswa toude. Ou ka chanje lang envitasyon an, an panyòl tou.

Tape sou ikòn moun  nan pou envite plis vizitè.
3. Tape sou **Call Now** pou voye yon envitasyon nan imèl oswa mesaj tèks nan nimewo selilè yo a.
4. Zoom ouvri sou iPad la, epi yon notifikasyon parèt lè yon vizitè eseye rantre nan rankont lan. Tape sou **Admit** pou aksepte vizitè a rantre nan rankont Zoom lan.

Poul: Si vizitè ou an ap itilize yon telefòn selilè

Vizitè yo dwe dakò resevwa mesaj tèks anvan pou iPad la voye yon envitasyon nan selilè yo a.

Montre vizitè a pou li ekri "**Enroll PC**" bay **57547** pou li bay akò li.



Pwograme yon rankont vityèl



Swiv etap sa yo pou pwograme yon rankont vityèl avèk yon vizitè (oswa plizyè).

1. Nan iPad la, tape sou bouton **Schedule** lan.
2. Seleksyone yon dat ak lè. Dat aktyèl la afiche pa defo, epi ou ka tape sou flèch adwat la pou chanje li. Seleksyone yon lè nan tranch ogmantasyon 15 minit. Seleksyone de (2) tranch orè pou pwograme yon rankont 30 minit.
3. Rantre non vizitè a avèk, swa imèl li, swa selilè li (gade seksyon selilè a anba a) oswa toude. Ou ka chanje lang envitasyon an, an panyòl tou.

Tape sou ikòn moun 👤 nan pou envite plis vizitè.

4. Tape sou **Schedule** pou voye yon envitasyon nan imèl oswa mesaj tèks nan nimewo selilè ki te rantre a.

Ou ap retounen sou ekran akèy Patient Connect lan, epi dat ak lè rankont lan ap parèt.





Demare yon rankont vityèl ki pwograme

Swiv etap sa yo pou demare yon rankont vityèl ou menm oswa yon manm nan ekip swen ou an pwograme.


1. Lokalize rankont ki pwograme an sou ekran akèy Patient Connect lan epi apresya tape sou ikòn kamera a 📷 .
 - Tape sou ikòn kreyon ✍️ an pou jere lè rankont lan ak vizitè yo.
 - Tape sou ikòn poubèl 🗑️ la pou anile yon rankont ou te pwograme.
2. Zoom ouvri sou iPad la, epi yon notifikasyon parèt lè yon vizitè eseye rantre nan rankont lan. Tape sou **Admit** pou aksepte vizitè a rantre nan rankont Zoom nan.

Si yon manm ekip swen an ede ou avèk rankont vityèl la, yo ap aksepte pou vizitè yo rantre nan rankont Zoom nan pou ou.



Mete fen nan yon rankont vityèl

1. Tape sou ekran iPad la epi apre tape sou bouton **End** lan.
2. Tape sou **End Meeting for All** Tape sou **Leave Meeting** si li se sèl opsyon ki genyen.



→ **Avi Non-Responsablite:** Pwogram Patient Connect lan pèmèt ou pwograme vizit videyo ak pwòch ou yo. Si ou enterese patisipe, ou dakò otorize nou voye yon imèl oswa mesaj tèks bay envite ou an (yo) pou nou ka ede ou pwograme yon rankont vityèl. Imèl oswa mesaj tèks lan pa p gen enfòmasyon ki ka idantifye ou pèsònèlman. **Ou rekonèt voye mesaj tèks pa sekirize e vizitè yo ki chwazi resevwa yon envitasyon pou rankont apati mesaj tèks dwe bay konsantman anvan sa.**

